

MITEMO YEMBEU INOKANGANISA SEI MBEU DZINOUCHIKWA NEVARIMI VANE MINDA MIDIKI



- ❶ Mbeu dzinouchikwa nevarimi vane minda midiki (FMSS) hadzina anodziyeuka kana kudzitsigira kana pava pamitemo yembeu, pasinei nekuti dzinobatsira zvakananyana pakuwanisa varimi mbeu uye kuti pave nemhando dzakasiyana-siyana.
- ❷ Varimi vane minda midiki vanouchikwa mbeu dzavo pachavo havabatanidzwi panenge pachiuchikwa mbeu dzinoshandiswa munyika.
- ❸ Varimi vanoonekwa sekuti vanongotenga mbeu chete, kwete kuti vakakosha pabasa rose rine chekuita nekuuchikwa kwembeu.
- ❹ Mitemo yembeu haizvizivi kuti kunewo mbeu dzinouchikwa nevarimi vane minda midiki nekuti hadzina zvinodiwa neDUS (*distinct, uniform uye stable*) saka dzinonzi ndedzemhando yepasi.
 - ❶ Kazhinji varimi vane minda midiki havakwanisi kutenga mbeu dzinouchikwa nemakambani makuru nokuti dzinodhura chaizvo.
- ❺ Mimwe mitemo yembeu inoti imhosua kutengesa kana kupinza kubva kunze kwenyika mbeu isina magwaro. Izvi zvinoderedza uwandu hwembeu inotengwa kana kuchinjanwa nevarimi vane minda midiki zvoderedza mari yavanowana.
- ❻ Varimi nevamwewo vanotaura vakamirira ruzhinji vanofanira kuramba vachipa zuichemo kuhurumende kuti itsigire uye izive kuti kune mbeu dzinouchikwa nevarimi vane minda mudiki (FMSS).
- ❼ FMSS inotarisa kuti pane zvakanangana neutano, kunaka pakudyiwa, tsika nemagariro uye kuti pawanike kudya kwemarudzi ose kunovaka muviri—ukuwo mbeu dzinogadzirwa nemakambani makuru, nemhaka yokuti chavo kutsuaga mari, kazhinji havana basa nezvose izvi.